емес, ал улыўма халық ушын, жәмийет ушын зәрүр екенлигин айтып өтеди. Ҳадаллық жақсы, ҳарамлық гүна, пайдалы, зыянлы, жақсы, жаман ҳаққындағы түсиниклерди өзлестириўи, жасы үлкенлер тәрепинен мәпин гөзлейтуғын мүнәсибетлер менен «соқлығысып» өзиниң унамлы образын өзинде сақлап қалыў менен бирге беккемлеўге тийкарланған.

Дүйсенбай Дәўлетбаевтың «Ағаның айтар ақылы» қосығында:

Алпыс еки наманы,
Шалып ойнап жасыңнан,
Маржан сөзди дизгендей,
Ақыл шықсын басыңнан.
Елдиң ғамын ойлаған,
Азамат болып сен ойна,
Саҳра – шөлди жайнатқан,
Бағман ата болып ойна [2:5].

Илимли адамлардың мийнети ардақланып даңққа бөленеди. Шайыр жасларды оқыўға, билим үйрениўге шақырып, илим үйрениўде қунт пенен қызығып, билимниң шоққыларын ийелеген адам бәрқулла қатарынан алда болатуғынлығын уқтырады.

Әнжим Бекбергенованың «Әдепли бол» қосығында:

Оқы балам, ақыллы бол,
Ақыллы өнип-өседи,
Досларыңа бир сөзли бол,
Ҳүрметлейди сонда сени.
Устаз сөзин еки етпе,
Жалғаўларға ерип кетпе,
Ериншеклик жақсы емес,
Өкинишке қалып жүрме [1:3].

деген мақсет пенен шайыр дүньяның барлық сырлары ҳәм биймәлим нәрселер билимниң күши менен ашылғанлығын айта келип, ақыллы адамлар көп нәрселердиң маңызын түсинип, соның нәтийжесинде пикир жүргизетуғын, қанаатланатуғын, зийрек инсанларға айланып абыройға ерисетуғынлығын қосықтың мазмунында сүўретлеп бере алған. Балаларға устазларын ҳүрмет-иззет етиўди, досларға садықлық пазыйлетти, жаманнан қашыў усаған түсиниклерди сиңдиреди. Жалқаўлық, ериншеклик қәсийетлерин жасларға жараспайтуғынлығы, оның ақыбети өкинишке алып келетуғынлығын сөз етеди.

Хожан Үббиниязовтың «Улыма тилек» қосығында:

Еркин услап бойыңды,
Ойнайтуғын заман бул,
Шынық, өсир ойыңды,
Қулласы, нағыз адам бол!
Дақ түспесин намысқа,
Қатардан ҳәргиз қалыспа,
Туўылған жериң қуўансын,
Алда бол барлық жарыста [5:10].

деп баланың ой-өрисиниң раўажланыўында ойынның әҳмийетин және балалардың денесин шынықтырыў менен бирге ақылын өсирип, мийнетке көнликпелерин де, тәрбиялайтуғынлығын балалардың көз алдына сәўлелендирип бере алған. Ар-намыслы, қатарының алды болыўын, туўылған жери ушын жанын да аямаў кереклигин балаларға үгит-нәсиятлайды.

Улыўма жуўмақластырап айтқанда, ХХ әсирдиң ақыры ХХI әсирдиң басындағы қарақалпақ балалар поэзиясындағы шайырлардың дидактикалық қосықларында қолланылған афоризм усылындағы сүўретлеўлер балалардың дүньяға деген көзқарасын қызығыўшылығын раўажландырыў менен бирге, турмыслық ўақыяларға сүйенген ҳалда, поэтикалық тил менен салыстырмалы дәрежеде, китап оқыўшыларына тәсирли, көркем етип жеткерип бере алған.

**Әдебиятлар**


1. Бекбергенова Ә. Пал балам. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1996, 3-б.
2. Дәўлетбаев Д. Жаманлыққа жақсылық. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1996, 5- б.
3. Қабулов Т. Пәндиў нәсият. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1995, 3-б.
4. Сейтжанов Т. Гүмис қоңыраў. –Нөкис: «Қарақалпақстан».. 1997, 14- б.
5. Үббиниязов Х. Ақ таўық. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1996, 10-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада мустақиллик даври Қорақалпоқ болалар шеъриятидаги дидактик мазмундаги қўшиқлар таҳлили қилинган. Шунингдек, ушбу қўшиқлардаги таълим ва тарбиявий аҳамиятга эга ғоялар ҳақида батафсиз сўз юритилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются дидактические песни в каракалпакском детском шариате периода независимости. Также подробно обсуждаются идеи воспитательного и воспитательного значения в этих песнях.

**SUMMARY.** The article analyzes didactic songs in the Karakalpak children's sheria of the period of independence. Also, the ideas of educational and educational importance in these songs are discussed in detail.


## КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲӘМ КӨРКЕМ МЕТОДЛАР


**М.Д.Бекбергенова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** бадиий метод, реализм, реализм методи турлари, классицизм, романтизм, бадиий тасвирлаш, асарлар.

**Ключевые слова:** художественный метод, реализм, виды метода реализм, классицизм, романтизм, художественное изображение, произведения.

**Key words:** artistic method, realism, types of method realism, classicism, romanticism, artistic image, works.


Көркем әдебият өз раўажланыў тарийхында ҳәр түрли сүўретлеў усыллары тийкарында қәлиплести. Әдебият теориясында көркем усылды метод деген термин менен атайды. Метод – таныў (познание) ҳәм изертлеў (исследование) деген мәнисти аңлатады. «Көркем әдебият дүньяны таныўдың бир формасы сыпатында өзиниң методына ийе болады. Анығырақ айтқанда, көркем әдебият сыртқы дүньяны қалай болса солай көрсетпестен, оны терең үйренип, ой-пикир елегинен өткерип сәўлелендиреди» [2:130].

Дөретиўшилик көркем усыллар яки болмаса метод реализм, романтизм, классицизм, ҳәм оның түрлери ағартыўшылық реализм, критикалық реализм ҳәр қыйлы әдебий ағымлар барокко, рококо, сентиментализм, натурализм, модернизм ҳәм т.б. белгили. Көркем әдебияттың тийкарғы предмети – адам. Жазыўшылар көркем әдебиятты адамтаныў деп атаған. Соның ушын да, көркем шығармаларда сүўретленетуғын тәбият, ҳайўанатлар, затлар, инсанның ойлары, сезимлери ҳәм кеширмелери менен биргеликте көркем дөретпениң идеялық- көркемлик мазмунын қурайды [1:23].

Жәҳән әдебияты тарийхынан белгили болғанындай, көркем дөретиўшилик усылы (творческой метод) пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўинде узақ тарийхый жолға ийе. Антик дәўириндеги әдебиятта белгили дөретиўшилик усыл болмағаны менен реализм методының элементлериниң ушқынлары болған. Бул әдебиятта ўақыяларды таңлап алыў принциплери халықтың өмириндеги улыўмалық характерли мәселелерден келип шыққан [1:318].

Гомердиң «Илиада» эпосында Спартаның патшасы Менелайдың ар-намысы – бул Ўатанының ар-намысы деп түсиниледи. Сол ушын да патшалықтағы барлық халық ўәкиллери Трояға қарсы ҳүжимге жәмлеседи. Бул дәўирде Ўатанды қорғаўда халықты бириктириў идеясы әҳмийетли болған.

Ояныў дәўириндеги Европа әдебиятында реализмниң тийкарғы белгиси гуманистлик идеялардың жетекши орынды ийелегенлиги. Франциядағы гуманистлик әдебиятының ўәкили Франсуа Раблениң ертек сюжети тийкарында жазылған «Гаргантюа ҳәм Пантагрюэль» романында инсан еркинлиги, адамның

бахытлы болыўына ҳуқықлы екенлиги идеясы усы шығарманың сюжет орайында турады. Соның менен бирге жазыўшының романында қойылған педагогикалық машқалалар ҳәзирги бизиң заманымызда да тәрбия мәселесинде әҳмийетли болып табылады. Рабблениң гуманистлик педагогикалық идеясы искер, мийнеткеш ҳәм ақыллы, ҳәр тәреплеме гармониялық раўажланған инсанды тәрбиялаў.

Англияның ояныў дәўириндеги әдебиятының уллы ўәкили В.Шекспирдиң «Ромео ҳәм Джульетта» трагедиясында инсанға адамгершилилк көз-қараста қатнас жасаў, инсан өз ерки менен сүйген адамды таңлаў идеясы шығарманың мазмунын белгилейди. Бул шығармаларда дөретиўшилик метод – реализм.

XVII әсирде Европада классицизм әдебияты пайда болады. Бул дөретиўшилик усылдың пайда болыўы Франциядағы жәмийетлик дүзилистиң өзгериўине байланыслы болды. Король ҳәм мәмлекет бир мәнисте түсинилди. Классицистлик трагедияның тийкарын салыўшысы Пьер Корнельдиң «Гораций» трагедиясында Ўатан алдындағы миннетти орынлаў биринши орында турады, ал инсанның жеке мәплери екинши дәрежели болады. Горацийлардың ғарры әкеси Ўатан алдындағы миннетти орынлаўда ҳәттеки өзиниң туўған ул-қызын да аямайды.

Әсирлердиң өтиўи ҳәм жаңа жәмийетлердиң қәлиплесиўи менен көркем әдебиятта дөретиўшилик усыллар да өзгерип барады.

Европадағы ағартыўшылық дәўириндеги әдебиятта ағартыўшылық реализми қәлиплеседи. Ағартыўшы жазыўшылар Жан Жак Руссо, Вольтер, Бомарше, Гёте ҳәм басқалар инсанның ақылын биринши орынға қояды ҳәм инсан өз ақылы менен бахытқа ериседи деген идеяны шығармаларында уғындырады. Базы бир жазыўшылар биринши орынға инсанның сезимин қояды, мәселен, англичан жазыўшысы Лоренс Стерн - сентиментализм әдебий ағымының дөретиўшиси.

XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басында Европа әдебиятында жаңа метод қәлиплеседи. Бул метод романтизм деп аталады. Оның пайда болыўы жәмийетлик турмыстан қанаатланбаўшылықтан келип шыққан. Немец романтизм әдебиятының ўәкили Гофманның фантастикалық сюжетте жазылған «Кишкене Цахес» шығармасында алтынның қүдретиниң адамлардың үстинен үстемлиги сүўретленеди. Үш алтын шаштың күши менен сықылсыз Цахес саўатсыз болса да, министр лаўазымына турады, оның ислеген иплас ислери ушын басқалар жуўап береди, ал адамлардың ислеген жақсы ислери Цахестиң атына өтеди [4]. Жазыўшы романтикалық усылда жазылған бул дөретпесинде турмыстағы ушырасатуғын ҳақыйқый ўақыяларды сәўлелендиреди.

XIX әсирдиң 30 - 40 - жылларындағы Европа әдебиятында пайда болған критикалық реализм методы жәмийеттеги қубылысларға сын көз-қарас пенен сүўретлеўди талап етти. Критикалық реализм әдебиятының ири ўакили, француз жазыўшысы Оноре де Бальзактың «Адамзат комедиясы»на қамтылған жүзге жақын дөретпелеринде, солардың ишинде «Шагрен териси», «Гобсек» ҳәм тағы басқаларда пулдың изинен қуўыўда адам инсаныйлық пазыйлетлериниң жоғалтқанын сүўретлейди. Жас илимпаз Рафаэль жоқшылықтан қутыламан деп адамгершилик сыпатын жойтады [5:353].

Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўин изертлеген алым, профессор Қ.Камалов. Илимпаз қарақалпақ жыраў-шайырлары Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шығармаларында турмыс ҳақыйқатлығын сүўретлеўде, образ жаратыў, халықтың тарийхый тәғдири, социал-экономикалық турмысы ҳәм т.б. реализм методының қәлиплесиў белгилерин илимий талқыға алып, «XVIII-XIX әсирде қарақалпақ әдебиятында реализм методы қәлиплесиўиниң белгилериниң бири еди», - деп көрсеткен [6:119].

XX әсир қарақалпақ әдебиятының дәслепки ўәкиллери болған А.Мусаев ҳәм С.Мәжитов өзлериниң дәслепки шығармаларын XX әсирдиң басларында жаза баслады. Олар тийкарынан XIX әсирдеги шайырлар Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм Өтештиң поэтикалық дәстүрлерин даўам еткен [6:126]. Шайырлардың шығармаларында реализм тереңлести.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында демокартиялық тенденциялар күшейди, олар XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының дөретпелеринде қәлиплескен реалистлик сүўретлеў дәстүрин раўажландырды. Профессор Қ.Камалов қарақалпақ әдебиятында символикалық сүўретлеў усылы бар екенлигин атап өткен. «Шайырлар Гүлмурат ҳәм Сарыбайдың шығармаларында символикалық қосықлар ҳәм тымсаллар пайда болады [6:126].

Қарақалпақ жазба поэзиясында символикалық қосық биринши рет Күнхожаның шығармаларында пайда болған. «Оның «Ақ қамыс» қосығында суўда сарғайып солып, самалдан қалтырап турған қамыстың образы арқалы халықтың аўыр турмысы көрсетиледи. Гүлмурат шайырдың «Қайраўдағы жалғыз ғаз» шығармасында тап усындай реализм символлы сүўретлеў арқалы тереңлестирилген. Қосықта еркинлик идеясы аңшы- мерген тусаўлап қойған кайраўдағы жалғыз ғаз образы арқалы көркем сәўлеленеди. Аспанда ушып баратырған ғазлар топарын көрип, бул ғазларды қатты сес пенен шақыра баслайды, ал олар ғаздың қасына келип қонған ўақытта аңшы оларды атып алады» [6:127].

Шайырдың бул қосығындағы поэтикалық шеберлик мынадан ибарат: ол ҳақыйқый факт арқалы көркем жуўмақ шығарады, жәмийеттеги өмир шынлығын ашып береди. Бул XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында көркем ҳақыйқатлық ҳәм турмыс шынлығы шығармаларда исенимли көркем сәўлелениў тапқан, деген жуўмақ шығарыўға болады.

XVIII-XIX әсирлерде қарақалпақ әдебиятында реалистлик сүўретлеў басы болды. Бирақ ҳәр бир миллий әдебиятта реализмниң пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи өзиниң өзгешеликлерине ийе және жәмийеттиң раўажланыўының тарийхый жолларына байланыслы болады. Мине сонлықтан XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятындағы көркем сүўретлеў усылы, XIX әсирдеги рус әдебиятындағы, сондай-ақ өзбек, татар, тәжик, әзербайжан әдебиятларындағы көркем сүўретлеў усылларынан ажыралып турады. Қарақалпақ әдебиятында реализм методының пайда болыўын изертлей отырып, профессор Қ.Камалов: XX әсирдеги жазба әдебиятта -реализм метод сыпатында қәлиплести,- деп атап өтеди [6:77].

Улыўма айтқанда, дөретиўшилик көркем усыллар көркем әдебияттың раўажланыўында, жаңа идеялық көркем эстетикалық шеңберлериниң кеңейиўине, жаңа дөретпелер, темалар образлар, характерлердиң жаратылыўына хызмет еткен.

## Әдебиятлар


1. Абрамович Г. Л. Введение в литературоведение. –Москва: Просвещение, 1978.
2. Ахметов С., Есенов Ж., Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: «Билим», 1994.
3. Байназаров Ф. Жаҳон адабиёти. –Тошкент: «Мусиқа», 2006.
4. Гофман. Крошка Цахес, по прозванию Циннобер. –Москва: Россия, 1991.
5. Елизарова М.Е., Колесников Б.И., Гиждеу С.П., Михальская Н.П. История зарубежной литературы XIX века. –Москва: Просвещение, 1972.
6. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада жаҳон адабиётининг ривожланишида бадиий тасвирий усулларнинг бажарган хизмати ҳақида сўз қилинган. Ижодий бадиий методларнинг реализм, романтизм, классицизм, реализм методи турлари: маърифий реализм, критик реализм, адабий оқимлар, уларнинг асосида пайдо бўлган бадиий асарлар таҳлил қилинган. Жаҳон бадиий адабиётининг тарихий ривожланишининг бадиий ижодий усулларга боғлиқ бўлгани ўрганилган. Бадиий методнинг адабий асарлардаги ғоявий - бадиий мазмунига таъсири кўрсатилган. Миллий адабиётлардаги бадиий методларнинг миллий хусусиятга эга эканлиги, жамиятнинг ривожланиш тарихий йўлларига оид тадқиқ килинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается значение художественных методов в развитии мировой литературы. Анализируются художественные методы реализма, романтизма, классицизма, виды реалистического метода изображения: просветительский реализм, критический реализм, литературные течения, на основе которых были созданы художественные произведения. Изучается связи истории развития мировой художественной литературы и художественных творческих методов. Рассмотрены вопросы влияния художественного метода на идейное содержание литературных произведений. Обозначены национальные особенности художественного метода национальных литератур, их связь с историческим развитием общества.

**SUMMARY.** This article discusses the importance of artistic methods in the development of world literature. The artistic methods of realism, romanticism, classicism, types of realistic method of depiction are analyzed: enlightenment realism, critical realism, literary movements, on the basis of which works of art were created. The connection between the history of the development of world fiction and artistic creative methods is studied. The questions of the influence of the artistic method on the ideological content of literary works are considered. The national features of the artistic method of national literatures, their connection with the historical development of society are indicated.

## OYÍN ZAWÍQ QOSÍQLARÍ HÁM OLARDÍŃ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLERI

**Q.Biysenbaev** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so’zlar:** bolalar folklori, o’yin-zavq qo’shiqlari, janriy xususiyatlar, syujet, drammatik xarakter.
**Ключевые слова:** детский фольклор, игровые песни, жанровые особенности, сюжет, драматический характер.
**Key words:** children's folklore, game songs, genre features, plot, dramatic character.

Balalar folklorı xalqımız kórkem awızeki dóretiwshiliginiń quramlı bir bólegin qurap, óz aldına bir neshe janrlardı óz ishine aladı. Úlkenler folklorındaǵı qosıq, ertek balalar folklorında perzentlerine maslastırılǵan halda jaratılǵan boladı. Biraq, dástan, terme sıyaqlı quramalı ómirlik waqıyalar menen baylanıslı bolǵanı ushın bul janrlar balalar ádebiyatında ushıraspaydı.

Xalıq óz basınan hárqıylı tariyxıy, siyasiy, turmıslıq jaǵdaylardı ótkerip ómir súriw ushın alıp barǵan gúreslerin de jır etken qosıqlar tiykarında balalar atqaratuǵın jawıngerlik temadaǵı qosıqlarda kelip shıqqan. Bunday qosıqlardıń birazı óz aldına awızsha, birazı dástanlarǵa sińisip biziń dáwirimizge deyin kelip jetken. Olardıń usı waqıtqa deyin kelip jetiwiniń sırı – olardıń tereń xalıqlıq mazmunǵa iye bolıwında. Hár bir qosıqtıń ózine tán ózgesheligi, mazmunı, ideyası kórkemlik belgileri, xarakteri, tárbiyalıq belgileri boladı. Xalıq qosıqları óziniń ózgesheligine qaray tematikalıq túrlerge bólip qaralsa, balalar qosıqları da sonday xarakterge iye. Belgili ilimpaz Q.Ayımbetov: «oyın-zawıq jırları balalar oyını bolıp ataladı. Balalar jámáát bolıp oyın oynaǵanda balalar oyınınıń geybirewi poetikalıq qosıqlar menen atqarıladı» [1:23], - deydi. Olardan «Áwelemen-dúwelemen», «Túlkishek», «Hákke qayda» h.t.b. qosıqlardı aytıwǵa boladı. Balalar qosıqlarınıń ózgesheliklerin kórsetip N.Dáwqaraev bılay dep jazadı: «Ol ózgeshelikler eń aldı menen jámáát bolıp aytıladı. Ekinshiden qosıq túri xalıq oyınların oynaǵan waqıtlarda aralas aytıladı. Úshinshiden, sawal-juwap retinde de aytıladı. Sonlıqtan balalar qosıqları óziniń tematikalıq jaqtan ózgesheligine iye» [4:137].

Qaraqalpaq balalar folklorın xalıq arasınan jıynap alıw, arnawlı izertlew jumısları qaraqalpaq ádebiyatında aktual máselelerdiń birine aylanıp barmaqta. Qaraqalpaq kórkem xalıq awızeki dóretiwshiliginde «Sóz oyın qosıqları» yamasa «Oyın-zawıq qosıqları» atamaları kóbinese soraw-juwap formasındaǵı poeziyalıq qatarlarǵa qarata aytıladı. Balalardıń kórkem oylawınıń jemisi bolǵan bul qosıqlar kólemi jaǵınan hár túrli: uzın hám qısqa bolıp keledi.

Oyın-zawıq qosıqları balalar folklorınıń óz aldına tariyxıy hám dástúriy xarakterge iye bolǵan janrlarınıń biri bolıp, balalardıń besik dáwiri juwmaqlanıwı menen atqarıla baslanadı. Álbette, bul qosıqlar balanıń jas ózgesheligi menen baylanıslı aytılıp, oylaw hám sóylew qábileti rawajlanıp atırǵan eki-úsh jaslardan baslanadı. Balalar oyın-zawıq qosıqlarınıń tiykarında qızıqlı soraw-juwap formasındaǵı kórkem sóz qatarları jatadı.

Bul janr boyınsha búgingi kúnge shekem óz aldına arnawlı jumıs islenbegen. Oyın-zawıq qosıqları oz aldına janrlıq qásiyetlerge iye. Tili shıqqan, yaǵnıy erkin sóyley alatuǵın sóz mánilerine túsiniwshi hám sorawlarǵa juwap qaytara alatuǵın balalarǵa úlkenler tárepinen aytıladı. Oyın-zawıq qosıqları dáslep balaǵa úyretilip atırǵan waqıtlarda dialog formasında aytılǵan, sońın ala qosıq teksti tolıq meńgerilgennen keyin óz aldına erkin aytıw imkaniyatına iye boladı. Oyın-zawıq qosıqlarında oyın háreketleri de tiykarǵı zárúr elementlerdiń biri saplanadı. Jáne bir ámiyetli tárepi atqarılıw processinde málim bir waqıt yaki orın talap etilmeydi. Olardı qálegen waqıtta, qálegen orında aytıw múmkin. Janrdıń baslı ózgesheligi, ata-ana menen balanıń dásme-dás juwaplasıwınan ibarat bolsa da, biraq tiykarǵı atqarıwshı birew ǵana boladı [6:57]. Janrdıń jáne bir óz aldına áhmiyetli qásiyeti sóz oyın qosıqları tili jeńil, yadlap alıwǵa qolaylılıǵında. Balalar bul qosıqlardı atqarıp atırǵanda sózler kóz aldına kórinislerdi payda etedi hám ózleri belgili bir obraz xizmetinde atqarıwı múmkin.

Bul janrdıń óz aldına ajıralıp turıwshı ózgeshelik tárepi dramalıq xarakterge iye bolıwında. Bunday qosıqlardıń syujeti, mazmunı kúndelikli turmısta bar ápiwayı qubılıstan alınadı da, hámmesi birikken qonımlı, kúlkili túrde kóp hádiyselerdn názik sezimler, anıq xabarlar beriledi. Bunday qosıqlar balalar folklorındaǵı oyın-qosıq sıpatına iye bolıp, dramalıq túrge enip baradı [2:28-29].

Oyın-zawıq qosıqlarınıń janrlıq jaqtan ózgeshelik tárepiniń jáne biri onda oyın háreketleri hám oyın elementleriniń paydalanılıwı. «Áwelemen-dúwulemen», «Aq terekpe, kók terekpe», «Bas barmaq, balan úyrek», «Hákke qayda» oyınların bunday oyin zawıq qosıqlarına mısal etip keltiriwimiz múmkin. Oyınnıń tiykarǵı maqseti, balada ulıwma shamalaw menen bayqaǵısh, sezgish oylaw qábiletine iye bolıwǵa úyretiw bolıp esaplanadı.

Belgili ilimpaz Quwanıshbay Orazımbetov aytqanınday, «Buwınlardıń az bolıwı balalardıń atqarıwına, namaǵa yamasa taqmaqqa salıp aytıwına qolay» [5:65] dep aytqan bolsa, rasında da awızeki ádebiyattaǵı oyın-zawıq qosıqlar, soraw-juwap hám dialog formasında keliw arqalı, balanıń qızıǵıwshılıǵın ózine tartadı hám qosıqtı yadlawǵa májbúrleydi.

Qosıq oyın formasına qurılǵan qaraqalpaq xalqınıń awızeki ádebiyatında orın alǵan barlıq oyınlardıń atamaları menen tanıstırıp shıǵadı. Ol oyınlardan «Teppek», «Mańlay shertpek», «Áwelemen-dúwelemen», «Áńgalaq», «Arpa-gúrpe», «Qasharman», «Jasırınbaq», «Go-kek» usaǵan oyınlardıń háreketi menen shayır balalardı tanıstırmaqshı boladı. Bul oyınlar balalardıń birligin, doslıǵın, awızbirshiligin bekkemlese, ekinshiden qaraqalpaq xalqınıń ótmish-